

GRAN EKLIPS SOLÈY 21 OUT 2017

SEKIRITE AN PREMYE!


Gran Eklips Solèy sa a se yon opòtinite aprantisaj fantastik pou elèv ak adilt nou yo. Sepandan, pou w ka rete ansekirite e evite pou w pa andomaje vizyon ou, PA JANM gade syèl la, pou rezon ki ap suiv yo:

- Li twò danjre menmlè ou gade yon ti pati nan eklips la, kòm fèmèn zye repons nòmal la pa pral rive e li pral ekspoze zye w a kantite limyè 'UV' danjre. Kòneya zye a ap konsantre sou limyè a e ap aktyèlman boule retin nan.
- Ou pap santi okenn doulè lè retin nan andomaje. le tan pou domaj la rive a, l ap deja twò ta.



Nou ka jwenn aksè nan sit Entènèt NASA ki konsakre sou Sekirite Eklips Solèy la nan <https://eclipse2017.nasa.gov/safety>. paj sa a gen ladan tou yon kantite lyen ki gen kat jewografi entèaktif, difizyon andirèk ak lòt zouti itil pou enstriksyon.

Nou ka jwenn plis konsèy sou sekirite nou nan: <http://www.starnetlibraries.org/EclipseGuide/>



Kredi Foto: <https://eclipse2017.nasa.gov/eclipse-who-what-where-when-and-how>

AK KISA NOU KA ATANN NOU NAN MIAMI

Nan Miami, yon moun ka wè yon pati nan eklips la nan yon dimansyon ki yon tikras plis pase 0.8. Flèch ble ki nan imaj la ka ba nou yon ide sou kisa sa vle di. Sonje, pandan yon eklips pasyèl solèy la, li ekstrèmman danjre pou w gade solèy la dirèkteman menmsi se yon ti fraksyon solèy la sèlman ki vizib.

Eklips la ap rive nan degre maksimòm li pou nou, jis avan 3:00 nan aprèmidi. Ou ka itilize kat jewografi entèaktif ki nan sit Entènèt NASA a pou w ka jwenn lè ki pi presi pou zòn espesifik ou ye a, ak konbyen tan tout evènman an ap dire.



Kredi Foto: Michael Zeiler, 'GreatAmericanEclipse.com' avèk flèch ble yo ajoute pou idantifye yon mezi trajektwa ki sanble ak eksperyans nou pral fè atravè Miami-Dade County